

# PANINEUNGAN ABAH KIRTA:

## Marajian pikeun Tutulung jeung Duduluran

Ku: Tedi Permadi  
Program Studi Bahasa dan Sastra Indonesia  
Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Indonesia  
Fakultas Pendidikan Bahasa dan Seni - Universitas Pendidikan Indonesia

Abah Kirta, paraji lalaki nu kawentar ti suku Gunung Manglayang Bandung, marajian ngan saukur pikeun nulungan ka sasama tur tanpa pamrih. Ngantunkeun kinten taun 2000 katompérnakeun, kiwari jadi panineungan urang lembur sabudeureun éta suku gunung.

Basa dipapaykeun ka saha lungsurna pangaweruh Abah Kirta, para sepuh katut masarakat nu aya ngajawabna ku paribasa yén uyah mah tara téés ka luhur, nanging dina awi sadapur téh moal lempeng sadayana. Ari kituna mah, Abah Kirta nu gaduh tujuh putra téh, nu neriskeun pangaweruhna mah mung dua urang, nya éta Pa Itang nu mangkuk di Cibangkonol Kalér dina perkawis ngalandongan, sareng Bu Mimi atanapi nu katelah Bi Nyai nu mangkuk di Cikonéng Tilu dina perkawis marajian, duanana mangkuk di Kécamatan Cibiru Wétan, Kabupatén Bandung.

“Anu janten jujutan Abah Kirta tiasa marajian tur pada dipuntangan ku masarakat di sabudeureun wewengkon suku Gunung Manglayang, nalika bojona Abah Kirta badé ngalahirkeun budak nu cikal, anjeunna teu sanggem milari paraji alatan waktos nu parantos ngadeseh, nya kapaksa Abah Kirta marajian bojona ku anjeun. Salajengna béja pabéja-béja, antukna Abah Kirta dihiras ku saha baé kanggo ngabantos marajian jabang bayi” kitu ceuk Pa Itang sareng Bi Nyai.

“Kalihi ti éta, ku hara-haraeunana lembur-lembur nu aya di suku Gunung Manglayang sarta ku waluratna kaayaan masarakat harita, antukna Abah Kirta kahudang pikeun nulungan sasama kalayan henteu milang-milang kala milih-milih wanci, badé siang anatapi wengi, anu caket atanapi tebih, ku Abah Kirta

mah upami aya nu nyuhunkeun tulung téh sok ditedunan baé” ceuk Bi Nyai mairan.

“Atuh ku seringna Abah Kirta marajian, katedalah waé Abah téh paraji, malihan ku pihak desa sareng rumah sakit Abah Kirta téh dipasihan sertipikat malahmandar nambah kapercantenan ti masarakat”, kitu ceuk Pa Itang deui.

“Anapon dina lebah nulungan nu natamba, Abah Kirta mah teu mung saukur nulung ku saréat lahir, ogé sok nganggo saréat batin; di antawisna nya ku pangjiad sareng teu hilap muntang ka nu mahakawasa”, pindo Pa Itang.

“Nuju jumenengna, Abah Kirta kantos sasauran ka abdi, saurna téh Nyai geura prak jalankeun pangabisa marajian téh da geus koloteun”, ari walon abdi ka abah harita, “Abah ari perkawis sepuheun mah atos, da atos seueur budak seueur incu, nanging ari perkawis nampi bayi mah, satungtung Abah masih jumeneng mah moal waka ditampi, kajabi engké upami Abah tos teu aya, nya kaselempek-kaselempek teuing mah baeu téh teuing panginten ku abdi”, Ibu Mimi mairan.

Saterasna Bi Nyai nyebatkeun yen prak-prakanana waktu diajar marajian ku Abah Kirta téh nya éta waktu Bi Nyai ngalahirkeun putrana ku anjeun, sadayana 8 urang nu diparajian ku Abah Kirta, mung hiji nu diparajian ku nu sanes téh.

“Janten salami abdi ngababarkeun tur diparajian ku pun bapa téh nya sakantenan diajar, saurna téh upami aya anu ngalahirkeun waktos gubrag si jabang bayi, omat santen ulah buru-buru ditegel atanapi ulah dibeungbeuratan ku gunting atanapi dipotong tali arina sabab kaseueuranana mah éngké upami anu ti lebet ngagejlok téh baris narik ngagenyot, sareng omat ulah dikudakk-dikodok da engké ogé masing-masing nyandak watek nyalira, boh nu ti payun boh anu ti pengker”. ceuk Bi Nyai

Bi Nyai nyebatkeun yén upama parigel marajian mah, urang téh teu kedah gaduh artos mun anak urang badé ngalahirkeun, komo da anak sorangan mah sepuh bagianana, nu penting lancar tur salamet, boh putrana boh ibuna.

“Atuh dina perkawis nulungan nu sanés, Abah Kirta amanat, nya éta ulah ngical galeuhkeun, atuh upami aya anu ngalahirkeun masihan ageung ulah dicarioskeun ageungna, masihan sakedik ulah dicarioskeun sakedikna, masihan baé tampi, atuh henteu masihan ogé wios, da panginten mana kitu ogé teu gaduheun” ceuk Bi Nyai.

Ana ditanya lebah jangjawokan, boh Pa Itang boh Bi Nyai nyebatkeun yén ari jangjawokan mah pada nyepeng séwang-séwangan, da saleresna upami janten paraji mah jangjawokan téh janten hiji alatan pikeun nyinglar bilih aya nanaon, nya éta boh bilih aya nu néang di jalan pasampangan nu nyatana mah mahluk lian nu nuturkeun. Atuh ari nyinglarna mah bari nyiduh baé ka tukang.

“Lajeng upama aya nu milarí, atuh di mana urang lungsur ti bumi badé muru ka pangjugjungan téh kedah ngaoskeun lapad jangajawokan malahmandar teu aya nu ngaganggu, nya sok sanaos janari tengah peuting ogé moal aya itu ieu. Nya kitu deui upama urang lebet ka bumi anu badé ngababarkeun, ngucap baé babacaan anu dipiharep ku urang kanggo kasalametan anu babaran téa; unjuk-unjukna mah biasa waé ka ibu anu agung ka rama anu kawasa, hususna ka Alloh urang téh nyuhunkeun agung tinulungan ka nu badé ngalahirkeun bari nyebatkeun nami anu badé ngababarkeun tea” tambih Bi Nyai.

“Nya muhun alhamdulillah, atos aya kana puluhna anu ditulungan ku abdi tur aya dina kalancaran sarta marulus ayana” kitu Bi Nyai bari mungkas obrolan sabab cenah cireumis geus turun tur Bi Nyai muru tegalan pikeun ngarit jukut ajangkeuneun parab domba milikna nu ngan hiji-hijina. \*\*\*